

KI JAN DE KAY NOU VA BATI POU MWEN?



Mèsi, Frè Green. Se yon privilèj. Salitasyon pou Frè ak Sè Green, e tout sa yo ki isi a maten an. E se yon privilèj ke mwen santi m genyen pou m te kap vini nan plas sa kote yo adore, pou fè kèk anons.

² Mwen pa vle pran tan Frè Green isi a, paske mwen te tandè Frè Green plizyè fwa, pale, e se sèten mwen te enfliyanse, ak jan li te pote Pawòl Seyè a pou nou, e li tèlman enb konsènan sa. Yè li te di: “Mwen pa gen Pawòl Seyè a tankou petèt Li te vini pa revelasyon, jan—jan yo te konn voye L, men,” li te di: “mwen ta—ta vle konsantre sou sa ki te di.” Li te di: “Tankou kan Pòl te ekri yon bagay nan Bib la, mwen vini pou aksantye sou sa li te di.” Li te di: “Mwen pa gen mesaj, sèlman mwen jis vle konsantre sou sa ki te deja di ki vin de Seyè a.” Bon sa se te yon bagay vrèman remakab, yon—yon jenn gason konsa, pou li di, e pou li fè yon remak konsa.

Bon an nou fè yon mo priyè ansanm.

³ Bondye damou, li difisil pou mwen konnen jan pou m kòmanse, paske mwen santi ke Ou isi a jodi a, e nan Prezans Ou nou toujou santi nou tèlman piti. E mwen—mwen di Ou mèsi pou privilèj sa. Kounye a, Seyè, ke Ou ba nou plas sa a, nou priye ke Ou va jwenn nou chak fwa ke nou rankontre isi a. E ke Espri Ou ki Gran kapab aji sou vil sa! Ke nou kapab pote Mesaj Levanjil sa ke yo te ba nou a e ke yo te lage nan men nou nan dènye jou yo, ke Sa kapab akonpli, e ke Ou pran tout nanm nan Tucson e ki nan tout zòn nan, ke Ou te òdone pou vin gen Lavi. Akonpli bagay sa yo, Papa, nan Non Jezikri. Amen.

⁴ Mwen kwè mwen vle li yon senp ti vèsè nan Lèzekriti isi a maten an, jis anvan mwen di sa mwen ta renmen di a. W ap jwenn li nan Ak, chapit 7 nan Liv Ak. E pandan w ap chache jwenn li, n ap kòmanse nan vèsè 44 la.

⁵ Bon nou pral Shreveport semèn sa, semèn k ap vini an, pou yon seri reyinyon, epi alèkile nou pral eseye, si se volonte Seyè a. Frè Moore, Frè Jack Moore, yon trè bon zanmi nou tou lède Frè Pearry avèk mwen, e nou renmen Frè Jack. Mesaj la, mwen kwè, on ti jan difisil pou li, sitou yon seri de bagay ki chè a nou menm e ke nou kwè, ke—ke Sa te vini a nou menm lè Sèt So yo te louvri, tankou nou kwè L la, pa egzanp, “semans sèpan an,” e “sekirite Etènèl kwayan yo,” e—e lòt bagay konsa, kèk nan Mesaj sa yo. Sa, se petèt pou lòt. . . Nou pa kwè ke Sa se yon bagay ki difisil, men, pou Sa, ou dwe louvri kè w bay Verite a. Nou kwè ke n ap

viv nan lè—lè tan lafen an. Sa tèlman reyèl pou nou, ke nou jis rive nan fen wout la.

⁶ Epi pou w kapab pale nan legliz yon moun, ebyen, ou vle onore ospitalite moun sa dèske—dèske li ba ou okazyon sa pou vini nan legliz li. E mwen, se sètèn, mwen konnen ke yo pa kwè nan Sa, e mwen ta dwe onore yo ase ke . . . Gen tèlman lòt bagay ke mwen ka pale sou yo la, olye de jan de bagay Sa yo anvan nou pote yo; sòf si se ta jis Sentespri a ki ta yon ti jan pouse sou Sa, ou wè li, alò mwen ta va pale sètènman jan L te pale. E mwen pa konn lòt meyè fason pou fè sa, e m espere ke mwen pa ta janm aprann lòt meyè fason pou fè sa. Ou wè li? Annou jis di L jan Li di L.

⁷ Kounye a an nou jis li yon—yon vèsè ou de la nan—nan chapit 7 Liv Ak la, a kòmanse pa vèsè 44 la.

Nan gwo dezè a zansèt nou yo te gen yon tant kote yo te fèmen de wòch plat lalwa yo. Yo te fè l jan Bondye te mande Moyiz pou l fè l la dapre modèl Li te moutre Moyiz la,

Yo pase tant sa bay grandèt nou yo ki te vin apre. Grandèt nou yo menm te pote l avèk yo lè Jozye t ap mennen yo pou yo pran peyi a nan men pèp Bondye t ap chase met deyò devan yo. Tant la te rete la jouk sou tan David.

David te jwenn favè Bondye, li te mande L pèmisyon pou l te fè yon kay pou Bondye Jakòb la.

Men se Salomon ki te bati kay la pou Li.

Men Bondye ki anwo nan syèl la pa rete nan kay moun bati ak men yo. Men sa pwofèt la di:

Syèl la se fotèy kote M chita a. Se Bondye ki di sa. Tè a se yon ti ban pou M lonje pye Mwen. Ki kalite kay nou ta ka bati pou Mwen? Ki kote nou ta ka ban Mwen pou M poze kò M?

Èske se pa men Mwen ki fè tout bagay sa yo?

⁸ A pati de Sa, lekti Pasaj sa, mwen vle pwononse kèk nan pawòl sa yo mwen te vle di anvan ke Frè Pearry pote mesaj maten an.

⁹ Mwen jwenn ke sa se youn nan pi gran moman nan vizit mwen nan Tucson. Mwen vin isi a paske mwen te pouse pou m te vin isi a. Mwen vin isi a paske Sentespri a, avèk yon vizyon, te voye m isi a. Mwen konnen ke sa kapab sanble etranj, petèt. Men Li, pou sa ke mwen konnen, tout bagay ke mwen konnen de Bondye, yo te voye m avèk yon vizyon nan Tucson. Mwen t ap mande m kòman se fè ke yo te voye m nan yon plas ki dezè konsa. Epi apre isi a kote ke . . .

¹⁰ Si w ap pale langaj espirityèl, sou vil la, mwen pa konn yon lòt kote ki pi mouri espirityèlman, ke nan vil Tucson. Genyen gè pami legliz yo. Genyen pale anpil pami kongregasyon yo. Pa gen inyon, e chak moun ap rale, kenbe, fè presyon, e ap eseye genyen *sila*, epi ap fè prozelit. Se yon dezè tou si w ap pale langaj espirityèl.

¹¹ Men apre sa, mwen li nan Bib la, kote ke Bondye te rele Moyiz lwen sa yo ke l renmen e tout sa yo ki te chè a li menm, e pou te voye l nan dezè a, pou l te ka ekri Bib Lalwa. Sa se te Ansyen Testaman, kat premye Liv yo, Jenèz, Levitik, ak Deteronòm, Ekzòd. Li . . . Mwen pa jan m ka di yo jis nan lòd, men se kat Liv. Se reyèlman sa ki Ansyen Testaman an. Paske, rès yo Se sa ke pwofèt yo te di, nan Sòm David yo, lòt konsa, eksepte liv Kronik wa yo. Men sa se baz Ansyen Testaman an. Se te Moyiz ki te ekri yo aprè ke yo te rele li pou l kite peyi li, kote li te fèt e li te ye pami pèp li, e yo te voye l nan dezè a, pou l te ekri Liv Ansyen Testaman sa.

¹² Konsa mwen te jwenn nan Liv Nouvo Testaman an, kote ke Pòl, ki se otè a, pa otè a, men ekriyen Nouvo Testaman an. Li menm tou li te kite al lwen pèp li, e, avèk Lespri, li te ale an Arabi, kote li te rete twa zan edmi, pou l te jwenn enspirasyon. E Pòl se ekriyen an chèf Nouvo Testaman an. Bon, se vre genyen Matye, Mak, Lik ak Jan, men yo menm yo te tankou moun eskrib k ap ekri sa ke Jezi te di pandan ke yo t ap swiv Li. E, men, ou pran Liv Timote a, ak liv Women yo, ak liv Ebre yo, e lòt bagay konsa, Pòl te resevwa enspirasyon pou l te ekri Nouvo Testaman an; li te pran tout Ansyen Testaman an pou te sèvi tankou lonbraj, epi li te mete tout bagay nan lòd. E Bondye te onore sa, e se sa ki fè Nouvo Testaman an.

¹³ E kounye a si Ansyen Testaman an te dwe ale lwen de . . . ekriyen an te dwe ale lwen pèp li, ale nan dezè a, pou l te gen enspirasyon pou l ekri Ansyen Testaman an. E nan Nouvo Testaman an, Otè a te kondwi ekriyen an lwen, al nan yon plas dezè, pou l te gen enspirasyon pou ekri Nouvo Testaman an. E Liv yo te sele ak Sèt So; menm jan tou sa va egzije menm bagay la, mwen kwè, nan jou sa yo, pou ouvri Sèt So yo. Pou kite sa ki chè a ou menm, ranplase l pa sa ou cheri anpil, epi yon ti kay ke moun yo te ban mwen, epi pami tout moun ak bon zanmi m yo, e yon legliz ki t ap fleri, e ki pat manke anyen; e pou—pou kite sa, pou elwaye m de sa, e ale lwen, nan yon dezè kote ou pa t konn pèsonn epi tout bagay vire kont ou.

¹⁴ Men gen yon bagay konsènan Bondye, ke Li dirije yon moun fè de bagay ki depase pwòppanse li, konsa sa kapab tounen pou glwa ak onè Bondye. E mwen santi sa, pa pou onore tèt mwen, men mwen—mwen santi se te yon privilèj pou m te ka kite tout bagay ke mwen te konsidere ki chè pou mwen, pou m te vin la nan dezè sa e soufri tankou m pat janm te konn soufri nan vi mwen, isi a nan kote arid sa, oswa nan dezè sa. Men mwen kwè,

ke lè m te fè sa e ke m te obeyi a sa Bondye te kòmande pou fèt, Bondye te louvri pou nou mistè dènye jou sa yo. E men nou isi a avèk Mesaj sa.

¹⁵ Bon, gen anpil moun ki te swiv mwen, epi se pa yon bagay ki etranj. Abityèlman yon moun nou . . . Moun yo renmen youn lòt, e sa, lanmou, va mennen w fè dè choz ou pa ta panse. E anpil nan nou te kite kay nou, nou te kite tout bagay, nou te jis pati, pou n te vin isi a nan dezè a.

¹⁶ Anpil te rele m, anpil te mande m, “Èske nou dwe vin Arizona? Èske sa ap yon bon kote pou nou?” E byen, tankou sa te di pou Moyiz ak lòt yo, se pat yon kote ki gen fwi, se pa yon kote ki gen grenad.

¹⁷ Bò isi a pa gen anpil travay pou fè, e lavi a chè, e kou lavi a chè. Se vrèman yon plas ki di pou viv, se Tucson, Arizona; salè a ba, e—e manje, ak lwaye chè. Se—se yon kote tèrib pou viv, nan sans sa. Men li bon pou sante, lè a sèk. E pafwa nou . . . Nou pa ta dwe gen panse nou sou fason bagay sou tè sa.

¹⁸ Nou dwe konsidere direksyon Sentespri a. Men yon bagay ki te twouble mwen kan m t ap vini isi a, e mwen te di moun yo l, e byen se, “ou pa ta dwe vini” ou byen “ou ta dwe vini,” sa mwen te kite l nan men chak moun, fason ke Bondye te dirije moun lan sa pou l fè. Mwen panse ke chak moun nan nou ta sipoze fè sa, Lespri kondwi w, nan sa w ap fè.

¹⁹ E anpil nan nou isi a nou sòti nan lantouraj Jeffersonville, ak tout kongregasyon laba yo, e nou te sòti vin isi a. Kounye a, bagay ki te deranje m, se te yon kote pou adore.

²⁰ E mwen konsyan, tankou mwen sot li nan Lèzekriti isi a, sou Etyèn ki t ap pale jis anvan l te mouri; paske yo te lapide l imedyatman aprè, akoz mesaj li a. Alò ke li t ap pale, li te di: “zansèt nou yo,” li t ap pale de Ebre yo nan ansyen tan, kòman ke yo t ap eseye jwenn favè Bondye, pou yo te bati yon kote pou adore. Li te di konsa: “Salomon te konstwi yon kay pou Li, ou byen yon bilding.” Nou abitye avèk istwa a.

²¹ Men mwen renmen sa l te di aprè yo: “Ke Bondye Anwo a li pa abite nan yon kote ke men moun fè,” e yon lòt kote nan Ezayi. Li te di: “Ou te prepare yon kò pou Mwen; ou wè, sakrifis ak ofrann, ak bilding, ak lòt bagay, men yon kò Ou te prepare pou Mwen.” Enben, nou konsyan ke li t ap pale de kò kote Bondye te tabènakle a, nan Kris.

²² Men mwen kwè jodi a, ke enspirasyon ki te vini sou—sou Frè Green, pou l te demenaje isi a, li menm ak Sè Green, yo te abandone kote yo t ap viv laba nan lès la, tou, menm jan an laba nan Tekzas, pou yo te vin isi a avèk . . . pou yo te kòmanse avèk anyen; senpleman jis avèk yon enspirasyon, avèk enpresyon ke yo te dwe fè sa. Mwen apresye moun ki ap swiv direksyon Kris, kèlkeswa pri ke sa ap koute yo.

23 Menm si lemonn antye, petèt pi bon zanmi w yo, panse ke ou gen tò, men pou ou menm ou pa gen tò. Toutotan ke w santi gen yon bagay dèyè sa, se Bondye k ap fè w aji; sa pap janm gen tò, e sa va toujou fini byen.

24 Ou wè jenn koup sa, yon jennòm ak talan. Mwen pa di sa paske li chita la. E yon jenn dam ak ti bebe l yo, avèk fanmi li pou l elve, e li te kite travay li ak tout bagay, pou li te vin isi a.

25 Mwen reyalize ke plizyè lane pase mwen te resevwa apèl pou ministè a. Mwen pa janm yon pastè ki gen siksè, paske mwen gen yon espri k ap mache k ap bouje. Mwen pa ka satisfè ak kèlkeswa kote a. Jis kèlkeswa kote Lespri kondwi a mwen senpleman dwe bouje avèk Li, paske mwen gen yon Mesaj. Jezi te di: “Mwen dwe preche nan lòt vil sa tou.”

26 Men genyen sa yo ki bèje k ap veye sou twoupo a. Mwen si tèlman gen rekonesans ke Frè Pearry te swiv direksyon Sentespri a, e jodi a nou gen yon tabènak. Li tou piti. Li jis ase pou kòmanse, pou wè sa Sentespri a. . . Nou pa konnen, an nou avanse pazapa. Kounye a, mwen kwè ke, si Bondye te pale ak Frè ak Sè Green, pou yo te vin isi a, e pou yo te ouvri yon kote pou timoun nou yo; olye le dimanch maten pou y ap roule bisiklèt, e yo nan lari a ap monte desann, yo genyen yon kote pou vin adore, olye pou nou chita ap tandè bagay ke y ap tandè nan radyo, sa korèk.

27 Men nou, antan ke yon gwoup moun, nou gen yon Mesaj pou jodi a. Nou, nou kwè ke Bondye ba nou yon Mesaj. E Frè Green, se, mwen pa vle rele li asosye mwen, paske nou se. . . Enben, li se, asosye m tou, nou ansanm nan Mesaj sa. Frè Green preche menm bagay e menm Mesaj ke mwen kwè ladann lan. Li te kite kay li, li te kite moun li yo, li te kite legliz li. Li te, mwen kwè, te yon sirentandan distrik ou byen yon bagay konsa, de youn nan òganizasyon yo, e li te abandone tout bagay kan l te tandè Sa. Li te kite tout sa ki te chè a li menm, tou, pou l te vin nan dezè a, jis pou l te ka sipòte sa ke Bondye ap ba nou kounye a.

28 Mwen di mwen kwè ke non sèlman nou ta dwe gen sou kè nou, men sa ta dwe devwa nou pou nou ta apiye l, tout sa ke nou kapab, pou nou patisipe nan sèvis yo, pou nou vin isi a pou adore, e pou nou fè de plas sa yon kote ke Bondye ka revele nou bagay ke Li gen pou L revele nou yo. E tankou pawòl li te di a: “Mesaj la pat vin jwen mwen atravè yon enspirasyon ki bay, jan sa ye petèt pou kèk nan nou, men,” li te di: “Mwen isi a pou m apiye sa Bondye te bay la.” Ala yon deklarasyon! E mwen kwè, si nou tout nou kolabore ansanm, nou va mete kè nou nan sa.

29 Mwen konnen ke nou chak la, si nou ta santi nou jan m santi m lan, mwen tèlman anvi wè Lespri Bondye ap aji, mwen jis pa ka sipòte sa. Kèk eksperyans ke mwen fèk sot fè sou mòn lan, pou m jis ta santi bagay sa ankò yon fwa, Bagay sa ki te tèlman gloriye pou kè mwen kan mwen te fèk sove pou premye fwa! E

nou kapab vin nan yon plas, nou kapab chita epi wè l pami nou, ke nou ap seche. Pandan nou chita isi a nan dezè a la, mwen pami frè m yo, mwen pale avèk yo e yo pale avèk mwen; toujou, on ti jan ap obsève, ap santi avèk èd Espri a, tankou li te ye, pou m te jis wè kondisyon frè sa, pou m wè sa k pa va. Mwen te kòmanse santi nou tout ap panche, ap elwaye nou de Espri a. Sa te vin yon bagay twò natirèl pou nou. Nou dwe adore an Espri, kote Lespri Bondye. . . Non sèlman Mesaj nou an ta dwe yon flannm dife nan jòu sa, li ta dwe yon flannm dife nan kè nou. Ou wè? Li dwe nan kè nou, osinon nou pap kapab—nou pap kapab prezante L korèkteman bay moun yo. Lespri dwe transpòte Mesaj la, Li menm. Epitou mwen fè konfyans e mwen kwè nan nou chak, pou vin yon vrè Kreyten.

³⁰ Bon yo gen bezwen pwofesè pou lekòl di dimanch. Yo pral bezwen yon ekip. E mwen vle di sa pou nou kapab byen konprann. Sa se legliz mwen.

³¹ Mwen te rete bò isi a pandan twa zan. E te sèlman gen yon sèl pòt ki te louvri pou mwen, se te Frè Mak ki te mande m pou m te vin preche. Bondye beni li. Ankenn lòt moun pat envite m; mwen pa gen anyen kont yo, yo kòrèk. Frè Brock, yon bon zanmi mwen, Frè Gilmore, anpil nan frè Pannkotis sa yo ki isi a, yo se de trè, trè bon zanmi pou mwen. Mwen renmen yo; anyen kont yo. Mwen konprann pozisyon yo. Yo pa ka envite m antre, epi rete nan òganizasyon yo. Ou wè, yo pa ka fè sa. Paske, si yo fè sa, y ap mete yo deyò. Kifè ou wè pozisyon yo. Mwen te fè fas a menm bagay la. Men, o la la, ke sa kapab toujou, “Chache premyèman Wayom Bondye a,” volonte Bondye a.

³² E kounye a piske, Frè Green, Bondye te voye l isi a pou ouvri yon legliz pou nou tankou Fwa ki presye ke nou kwè ladann nan, nou dwe gen Bondye anpil rekonesans, e asiste chak sèvis, okipe chak plas ke nou kapab. E si yo ta mande nou pou rele, pou priye, pou nou chèche, pou fè, ke nou kapab dè solda prè pou al. . . ki jis prese pou fè l. Ou wè?

³³ Kenbe Mesaj la avèk onè, e viv bon mòd vi a. Pa kite salte vin monte sou Li. Nap viv yon lè ki trè ta kounye a. Nou—nou rive trè ta nan lè a. An nou viv Li pwòp. Enben, vi m, vi w, tout vi yo bezwen monte devan Bondye.

³⁴ Jènan nou yo fè jis ap vire anwon sou bisiklèt, prale plas aprè plas, espektak aprè espektak, ap elwaye yo pi lwen e pi lwen ankò de Bondye. Se vre. Kounye a, se verite. Mwen wè li nan timoun mwen yo, e mwen wè mwen menm rive yon kote pa. . . Nou, nou dwe reyini ansanm, pou adore Bondye; Bib la di sa: “Alò ke nou wè tan an ap apwoche, se kounye a nou ta dwe vini rasanble ansanm.” Si gen sèlman de moun la, ke w dwe youn ladan yo. Bon se. . . E si nou vini ansanm pou nou adore ansanm, alò nou jis, men kèlkeswa lòt bagay konsènan sa, Jezi te di: “Kote ke de ou twa reyini nan Non Li, ke Li nan mitan yo.”

35 Bon, tankou m te di anvan an, Frè Green te di m, e li te di l. Madanm mwen vini, te di m sa ke l te di lè m pat la. Ke, e li te di maten an: “Chè a louvri nenpòt kilè.” Bon abityèlman . . . Se, li louvri l pou mwen kapab pale.

36 Bon, abityèlman, mwen te konn oblije kondwi ale jis Jeffersonville, Indiana, pou m pataje Mesaj ke Bondye te ban mwen, pou m te pote bay moun yo; ale jis Jeffersonville, Indiana, e chak nan nou la te konn ap fòse travèse tout peyi a e branche ak fil e bagay konsa, pou tandè Mesaj la, paske se de sa ke nou viv. Ou wè, se pou sa nou bò isi a. Enben, nou pap gen pou fè sa ankò.

37 Bondye ban m yon Mesaj, mwen kapab mache drèt la sou chè a epi preche l, epi santi m lib pou fè sa. Wè. E mwen kwè, avèk sa, ke Bondye Toupwisan an va beni w si w jis pran pozisyon kounye a pou legliz sa, ak gwoup moun sa yo. Non sèlman sa, men an nou sòti deyò pou nou wè si nou pata kab fè lòt vini. Ou wè, an nou pale a lòt yo toupatou, pale avèk yo konsènan legliz la e sa sa vle di. Sa ke legliz nou . . . Nou isi a. Nou vle w vini, mennen etranje, e mwen sèten ke sa va fè di byen pou nou tout. Ou wè? Nou gen yon bilding, ke nou gen rekonesans pou li. Nou gen rekonesans pou plas sa, pou rasanble ansanm.

38 Men, “Men Bondye Ki ap viv anwo a Li pa nan tanp ke men moun fè, ou wè, ‘Paske Syèl la se Twòn Mwen, e tè a se ti ban ke m mete pye M; e kote plas pou m repoze M la ye? Men Ou te prepare yon kò pou Mwen.’”

39 E nou se yon Kò Kris. Kifè pandan ke n ap deplase de yon bilding a yon lòt bilding, mwen kwè, ap pote Mesaj nou yo, e nou va desann pou fè sèvis gerizon. E tout bagay ke Seyè a va revele nou pou fè, nou va fè l isi a menm nan legliz la, jiskaske l va vin tèlman gwo ke w va oblije mennen l yon lòt kote, epi yon lòt kote, jiskaske Jezi vini. Ke Bondye beni nou.

40 [Frè Pearry Green fè kèk kòmantè, epi li mande Frè Branham pou òdone l. Espas vid sou kasèt la—Editè a]

An nou bese tèt nou.

41 Bondye damou, alò ke nou kanpe la sou estrad la, ki reprezante, otèl la drèt isi a, nou reyalize ke nou se yon—yon ras moun k ap mouri, toutotan tè sa konsène. Nou pwomennen je nou nan lari yo e nou wè ke peche ekri tout kote, e Glwa Seyè a li vole gagè ale. E nou konnen, kan Glwa Seyè a pati ale, se konsa Legliz va pati avè L. Bondye, nou vle la.

42 Sa fè jis kèlke jou, mwen te kanpe la nan kwen lari a, jis lòt bò lari a, ap obsève parad sa ki t ap desann nan lari a; e ap gade ansyen tank Premye Gè a la alatèt defile a, sètalo gwo tank lou Sherman lan te vini, dèyè sa te gen swit la ki t ap defile ap defile ap defile, aprè men manman avèk etwal annò yo; ti fanmi detwi sa yo, avèk yon madanm k ap kriye, ak yon ti gason ak rad dechire ki pèdi papa l, yon vye manman ki te pèdi yon pitit gason. Mwen

di nan tèt mwen: “Ala tris,” pou kanpe nan kwen lari a ap gade yon bagay konsa ap pase. Epi mwen te remake, jis pandan yo t ap pase bò bilding sa, ke mizik la te chanje pou chante *An avan, Sòlda Kreyen*. Yo t ap jwe mach sòlda yo, pa dèyè; men kan yo te rive kote isi a!

⁴³ Bondye damou, m ap panse a yon lòt gran moman k ap vini, e sa se va rezirèksyon an, kan ansyen yo va vini an premye, sen yo, patriyach yo. “Paske nou menm ki va vivan e ki va rete nou pap nwi ou pase devan sa yo k ap dòmi; paske twonpèt Bondye a va sonnen, e mò an Kris yo va resisite an premye.” Alò kan nou va wè gran . . . senpleman pèp la ki va ale, ap mache monte nan syèl la; e nou va kanpe, ap tann pou chanjman pa nou, nou konnen ke nou va rantre nan liy sa, tou. Bondye, fè nou vin solda fidèl.

⁴⁴ Se sèlman sa yo ki te vrèman asosye e ki te fè lagè ki va konnen sa sa vle di vrèman, lè w ap gade tank sa yo k ap defile la. Epitou, Bondye, nou panse ke sa yo ki te angaje nan batay lavi a yo va konnen sa sa vle di, kan nou va ap tann tou pa nou pou nou pran pozisyon ak plas nou, nan rezirèksyon an, pou nou monte.

⁴⁵ E sa, jenn frè mwen, ap kanpe isi a, byen antrene, prè, abiye, ap tann yon vye lepè poze men sou li, youn ki yon vye veteran laba ki te an avan sou liy batay la, li konnen li dwe angaje l nan batay la, tou. Bondye damou, men men endiy sa yo mwen poze sou frè mwen, ki reprezante Men pa W. Beni Frè Green, Bondye damou, ke mwen beni nan Non Jezi. Ke l kapab pòte Mesaj sa, Seyè, nan vil sa e nenpòt kote ke Ou va rele l la. Ke l kapab konsekan, ranpli ak Lespri, ap viv yon vi ki san repwòch. Bondye, ke li kapab genyen kè moun yo, ke li kapab anseye yo ak kondwi yo ak dirije yo nan santye kote nou tout vle mache a. Fè sa, Seyè.

⁴⁶ Beni madanm fidèl li a, timoun li yo. Beni efò nou yo ansanm isi a, antan ke frè Kreyen isi a sou tè a, pou nou kapab pòte Levanjil sa jis nan dènye bout monn lan. Voye Lespri W sou li, Bondye. Nou priye nan Non Jezikri, alò ke nou remèt li nan Men W. Amen.

Bondye beni w, Frè Pearry. Pòte Pawòl Bondye a!



KI JAN DE KAY NOU VA BATI POU MWEN? CRE65-1121
(What House Will You Build Me?)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on dimanch maten 21 novanm 1965 nan Tucson Tabernacle ki nan Tucson, Arizona, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org